

Pwogram Medikaman Prefere Medicaid Eta Nouyòk

YON GID POU MOUN KI GEN
MEDICAID AK FAMILY HEALTH PLUS



Kisa Pwogram Medikaman Prefere (PDP) Medicaid lan ye?

Pwogram sa ankouraje doktè yo preskri sèten medikaman yo rele medikaman "prefere". Lè yo preskri lòt medikaman ki menm, men ki pa nan lis medikaman prefere a, fòk yo gen apwobasyon espesyal (otorizasyon davans) anvan ou ka resevwa medikaman an.

E si m ap pran yon medikaman ki pa nan medikaman "prefere" yo?

Si ou ap pran yon medikaman kounyea ki pa nan lis medikaman "prefere" a, ou ka kontinye pran medikaman sa jiskaske renouvèlman yo ki nan preskripsyon ou genyen aktyèlman an fini. Lè ou gen yon nouvo preskripsyon, doktè ou gendwa oubyen chanje medikaman an pou youn ki nan lis medikaman prefere a, oswa li ka mande yon otorizasyon davans pou kontinye ak medikaman ou ap pran kounyea.

Kiyès ki deside ki medikaman ki "prefere"?

Yon komite ki gen ladan doktè, famasyen ak defansè pasyan travay ansanm ak Depatman Sante pou etidye medikaman yo epi idantifye kilès ladan yo ki san danje, efikas epi mwen chè.

Ou bezwen asistans?
Rele liy Sèvis Asistans Medicaid la nan:
1-800-541-2831



Pa blyie:

- Tout medikaman Medicaid kouvari kounyea toujou disponib.
- Se doktè ou sèlman ki ka deside ki medikaman ou dwe pran.
- Mande doktè w oswa famasyen w si ou gen kesyon konsènan medikaman w.

Yo te jwenn medikaman ki prefere yo efikas tankou medikaman ki pa prefere yo.

E si mwen pa vle chanje medikaman mwen yo?

Se doktè ou sèlman ki ka deside ki medikaman ou dwe pran. Mande doktè ou oswa famasyen ou si ou gen kesyon konsènan chanjman nan preskripsyon ou.

E si mwen bezwen medikaman mwen epi biwo doktè a fèmen?

Si ou pa ka kontakte doktè ou epi ou gen yon preskripsyon ki valab, famasyen an ka ba ou yon pwovizyon ann ijans pou 72 èdtan jiskaske ou ka kontakte doktè ou.

Pou plis enfòmasyon,
al sou sitwèb Pwogram Medikaman Prefere
Medicaid Eta Nouyòk la nan:
<https://newyork.fhsc.com>



Depatman Sante
Eta Nouyòk